

**SMOKE-FREE ROLE PLAYING VIGNETTE
CREOLE VERSION**

Sitiyasyon: anbasadè pou “entèdiksyon fimèn” sou kanmpis la ap mache nan pakin nan lè li pase kote yon dam kap fimèn yon sigarèt nan pwent batiman an epi kap voye lafimèn an anlè.

A- Eskize'm wi madanm, ou ka pa konnen sa, men gen yon nouvo lwa ki entèdi moun fimèn nan tout kanmpis lopital ak inivèsite a, sa vle di ni garaj yo tou. Fòk ou ta kite zòn nan nèt si'w ta vle fimèn.

S : Poukisa pou'm ta kite garaj la, aloske mwen deyò, epi se anlè mwen voye lafimèn an ?

A : Nouvo lwa sila se pou pwoteje sante tout moun li ye. Kounye a, gen ase prèv ki demontre ke menm lafimèn sigarèt nan lari kapab afekte lasante. Gen anpil pasyan lopital la ki deja gen pwoblèm respiratwa, ki kapab sibi move zefè akòz lafimèn ou an.

S: OK, Ebyen, ma fini sigarèt sila an dedan machin mwen.

A: Lwa a di tou ke pèsonn pa dwe fimèn an dedan machin yo ankenn kote, ni a okenn moman, ke seswa nan lopital osnon nan Inivèsite a.

S: Sa ridikil! Mwen gen dwa fimèn an dedan machin mwen, kote mwen pap fè okenn moun mal!

A: Sa ka parèt enjis osnon anniyan pou kèk moun, sepandan, nouvo lwa sila di klèman ke yo entèdi fimèn nan tout limit kanmpis la. Tanpri etenn sigarèt ou a.

S: Ki sa'w ka fè si'm pa etenn li?

A: Sa map fè la a se mande'w tanpri pou'w respekte lwa ki entèdi fimèn sou kanmpis nou an. Mwen pa sekirite kanmpis la, sepandan, sekirite ka entre nan bagay la si gen yon vyolasyon flagran epi a plizyè repriz; Yap trete sa menm jan yo taka trete nenpòt lòt vyolasyon. Mwen kapab ofri'w enfòmasyon ak asistans pandan moman tranzisyon difisil sila (lonje yon

flayè bay moun ki fimen an)

S: Mwen vrèman anba anpil estrès, anpil presyon koulye a E mwen VREMAN bezwen fini sigarèt sila! Ou paka konprann sa?

A: Mwen konnen ke li difisil pou'w chanje abatid sila. Eske gen yon bagay mwen ka fè pou'm ede'w fè yon lòt bagay, olye ke'w fimen; Petèt yon sirèt ki pa gen sik taka ede'w?

S: (Pa okipe'l de òf la) Bon ki sa'w tap fè si'm te yon pasyan? Nou pa fòse yo kite kanmpis la lè yo bezwen fimen, pavre?

A: Ou gen rezon, dayè si yo ta fè sa, yo ka kouri risk pou yo tonbe nan kategori malad ki kite lopital la san otorizasyon doktè yo. Lopital la ankouraje malad ki fimen yo diskite pwoblèm sila ak doktè yo, yon jan pou you chèche èd nan kad tretman ke yap resevwa isit la.

S: Ebyen, m konn sa map fè, map cheche yon kote pou'm fimen san moun pa wè. Si yo pa wè, yo pap ka dim anyen. Bondye fè kanpis la gran!

A: Tanpri sonje, se pa yon bagay pèsònèl mwen gen avè'w! PÈSONN pa gen dwa fimen, NAN ANKENN PATI nan kanmpis isit la. Ou gen tout chans pou yon lòt moun wè'w, E pou'l mande'w etenn sigarèt la, menm janm map mande'w la.

W: Wow, Ala traka papa! (Li etenn sigarèt la) Seryezman, fòm degaje'm kite koze fimen sila wi. Fimen vinn tounne yon TWO gwo anbètman, epi li vin twò chè! Se jis ke se pa ni yonn ni de fwa mwen eseye kite epi rekòmanse fimen ankò, lèfini mwen pa renmen koze kite sèk konsa!

A: Mwen vrèman kontan ke wap panse pou'w kite. Se yon bagay ki difisil pou anpil moun, men li pa janm enposib. Mwen si, sa kabap desizyon ki pi enpòtan pou sante'w ke'w janm pran.

S: Ki kote mwen ka jwenn èd si'm ta deside kite fimen?

A: Ou konnen, nou ofri assistans isit sou kanmpis la menm, sou diferan fòm, epi pou tout moun. Pa egzanp gen klas pou ede moun kite fimen, gen aktivite nan Sant Byenèt nou. Ou kapab chwazi tou pou'w resevwa remèd

tankou Patch ki gen Nikotin pou ede'w lè'w gen anvi pou'w fimen. Anpil moun kite fimen nèt gras a pwogram nou genyen isit la nan Jakson.

S : M pral li enfòmasyon ou banm la. Mèsi !

A : Non, se ou poum di mèsi paske ou fè pòsyon pa'w pou ede nou kenbe anviwònman nou pwòp ! M swete'w yon trè bònn jounen !!